

Angajman Paran ak  
Fanmi Tit I yo  
Lekòl Piblik nan Kanton  
Polk la



# Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2018-2019

## Sleepy Hill Middle School Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj



Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou.**

Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

<b>Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo</b>	<b>Responsablite Ekip Lekòl la</b>	<b>Responsablite Paran yo</b>	<b>Responsablite Elèv yo</b>
<b>Nivo Akademik Elve</b>	Ekip ki gen anpil kalifikasyon lekòl la pral itilize gid pwogram ak gid enstriksyon apwouve atravè Kritè Lekòl Florid yo. Y'ap itilize meyè pratik ki chita sou rechèch pou yo ogmante angajman elèv yo.	Paran yo ap kontwòle si pitit yo alè lekòl, dispoze pou yo aprann epi vini lekòl chak jou. Paran yo ap bay pitit yo yon moman ak yon espas trankil pou yo fè devwa yo.	Elèv yo ap vini lekòl alè dispoze pou aprann. Elèv yo ap kwè yo kapab e yo pral aprann. Y'ap fè tout devwa yo alè.
<b>Kontwòl pwogrè Elèv yo</b>	Ekip lekòl la ap itilize divès kalite metòd pou kolekte talan elèv yo atravè Evalyasyon Fòmatif e Konpilatif, tankou men se pa sa sèlman: Achieve, FAIR, Vantage, biyè nan pòt la e klasè elèv yo.	Paran yo ap fikse yon lè "Lekti an Fanmi" san distraksyon diran 15 a 20 minit chak jou. Paran yo ap konsilte sit Pòtay Paran yo, li e tande tout mesaj lekòl la voye lakay yo epi kominike ak pwofesè pitit yo.	Elèv yo ap fè tout devwa yo alè. Elèv yo ap tcheke pwogrè yo nan sit Pòtay Elèv yo. Elèv yo ap konsidere lekòl la kòm travay yo.
<b>Bon Jan Rapò Patisipasyon</b>	Ekip lekòl la ap òganize rankont paran/pwofesè/elèv yo pou reflechi sou pèfòmans elèv yo ak sipò ki genyen pou ede yo. Ekip lekòl la ap ankouraje paran/elèv yo pou yo patisipe nan aktivite k'ap òganize nan lekòl la e nan devlopman pake kontra.	Paran yo ap montre pitit yo enpòtans edikasyon nan patisipe nan aktivite patisipasyon fanmi yo e nan ede kòm volontè, si posib. Paran yo ap montre sipò pozitif pou pwofesè pitit yo, pou administrasyon lekòl la e pou lòt manm ekip lekòl la.	Elèv yo ap montre respè pou lekòl nou an, pou lòt moun e pou tèt yo. Elèv yo ap fè lekti lakay yo pou plezi. Elèv yo ap abiye ak inifòm yo pou siksè selon kòd konduit lekòl la.
<b>Kominikasyon Rete Enfòmè</b>	Ekip lekòl la ap bay bay rapò pwogrè yo nan: nan rezilta pwogrè elèv yo fè chak mwa, bilten chak kenzèn, rankont fas a fas e nan email/apèl nan telefòn. Ekip lekòl la ap bay paran yo yon kopi nan Pake Kontra Elèv yo enan PIP la.	Paran yo ap pale ak pitit yo chak jou sou zafè lekòl. Paran yo ap kenbe yon liy kominikasyon ouvè ant lakay la ak lekòl la atravè kanè lekòl pitit yo, nan apèl nan telefòn e/oswa nan email. Paran yo ap enfòmè lekòl la lè enfòmasyon kontak yo chanje.	Elèv yo ap pote lakay yo tout avi enfòmasyon ak fèy piblisite pou yon moun majè lakay yo li. Elèv yo ap mande pwofesè yo èd lè yo bezwen.
<b>Espas Aprantisaj</b>	Ekip lekòl la ap mete enstriksyon kalite siperyè nan yon espas aprantisaj ki gen sekirite, ki sipòtif. Ekip lekòl la ap itilize keksyon refleksyon kalite siperyè, kolaborasyon a de (2) epi l'ap itilize RADS pou repons	Paran yo ap fikse yon woutin pou pitit yo rive lekòl alè, dispoze e abiye selon kòd konduit nou an e selon prensip inifòm lekòl la. Paran yo ap asire yo pitit yo pote lekòl la sèlman materyèl lekòl la mande yo.	Elèv yo ap konprann aksyon yo gen konsekans, e y'ap pran responsablite aksyon yo. Y'ap respekte espas aprantisaj la yon fason pou tout moun kapab aprann. Elèv yo ap konsidere diferans kiltirèl.

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.

<http://schools.polk-fl.net/shms>

Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. **863-815-6577**

Vizite sit entènèt [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net) pou enfòmasyon enpòtan:

- Sit PARENT PORTAL:
- POU VOLONTÈ
- SANT PARAN YO
- KONDISSYON LEKÒL FLORID YO
- EGZAMEN
- Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis:  
(Mo kle: Nutrition) oswa rele nan 534-0588

**Paraf:**

Paran \_\_\_\_\_

Elèv \_\_\_\_\_

Pwofesè \_\_\_\_\_

Yo te debat pake kontra sa a nan dat \_\_\_\_\_

**Optional for secondary**